



PENILAIAN HARIAN
SD BOPKRI GONDOLAYU YOGYAKARTA
TAHUN PELAJARAN 2019 / 2020

Nama :

No.Absen :

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa	KKM
Kelas	: VI (enam)	70
Hari, Tanggal	: Rabu, 9 September 2020	

I. Pilihlah wangsulan sing bener kanthi nulis huruf ing kotak!

1. Cebol ngayuh lintang, tegese . . .

- a. Ora bisa
- b. Ora kecandak
- c. Kekarepan kang ora bakal kecekel
- d. Kekarepan sing duwur banget

2. Asu rebutan balung, tegese . . .

- a. Asu padha cokot-cokotan
- b. Rebutan barang sepele
- c. Rebutan barang sepele
- d. Asu rebutan pangan

3. Diwenehi ati ngrogoh rempelo, tegese . . .

- a. Dikei njaluk terus
- b. Wis diwenehi
- c. Dikei atine malah njaluk rempelone
- d. Wong sing seneng njaluk

4. Endhog gundhul dikepeti tegese . . .

- a. Tambah silir
- b. Endhase dadi adhem
- c. Wis kepenak di tambahi kepenak maneh
- d. Si gundhul njaluk di kepeti

5. Kebo nusu gudel tegese . . .

- a. Wong tuwo njaluk wuruh marang wong enom
- b. Wong tuwa njaluk susu marang wong enom
- c. Kebone nusoni gudel
- d. Kebo kakehan anak

6. Aja ngganggu ibu, ibu lagi sungkawa tegese . . .

- a. Seneng
- b. Bungah
- c. Susah
- d. Tindak



7. Bocah kuwi dawa tangane, tegese . . .

- a. Tangane pancen dawa
- b. Seneng nyolong
- c. Seneng nulungi
- d. Seneng njaluk



8. Bocah sing ora duwe tunggal . . .

- a. Kembang sepasang
- b. Julung wangi
- c. Julung pujud
- d. Ontang - anting



9. Wiwit wingi, Santi katon **padhang langite**.

Padhang langite tegese . . .

- a. Susah atine
- b. Seneng atine
- c. Pinter omong
- d. Ora udan



10. Anak loro wadon kabeh diarani . . .

- a. Ngayomi
- b. Pandawa
- c. Pangayam- ayam
- d. Kembang sepasang



11. Tembang mijil iku klebu tembang apa ?

- a. Tembang macapat
- b. Tembang dolanan
- c. Tembang gedhe
- d. Tembang tengahan



12. Pangkur iku klebu tembang apa ?

- a. Tembang cilik
- b. Tembang gedhe
- c. Tembang tengahan
- d. Tembang macapat



13. Sun iku dhutaning nata . Cuplikan tembang sinom iki guru lagune . . .

- a. Nata
- b. Ta
- c. A
- d. Na



14. Anoman mlumpat sampun, cuplikan tembang kinanthi iku ana pirang wanda ?

- a. 6 wanda
- b. 7 wanda
- c. 8 wanda
- d. 9 wanda



15. Semarang kaline banjir .

ada sumelang ora . . .
Parikan iki terusane . . .

- a. Dipikir
- b. Teka
- c. Bali
- d. Mangkat



16. Dalang iku pagaweane . . .

- a. Nembang
- b. Nabuh gamelan
- c. Nglakokake wayang
- d. Nggawe wayang



17. Sing pagaweane nabuh gamelan yaiku . . .

- a. Kusir
- b. Niyaga
- c. Sinden
- d. Blandhong



18. Tembang jawa iku ana pirang warna ?

- a. 2
- b. 3
- c. 4
- d. 5



19. Sing klebu tembang tengahan yaiku . . .

- a. Pangkur
- b. Girisa
- c. Pocung
- d. Pamularsih



20. Guru wilangan yaiku . . .

- a. Guru sing ngajari ngetung
- b. Guru sung pinter ngetung
- c. Akehing kecap (ucap) suku tembung
- d. Akehing aksara saben sa gatra

